

# ARC QUARTERLY

EDISYON 1

ARC GENDER JUSTICE.ORG

JIYÈ 2023



Travay atistik pa Bishakh Som

Sant Alyssa Rodriguez pou Jistis Idantite Seksyèl (Arc Jistis Idantite Seksyèl) ranfòse mouvman pou jistis idantite seksyèl atravè mi prizon, goumen kont vyolans ki baze sou sèks, epi elimine baryè nan patisipasyon politik pou sivivan ki nan prizon ak lòt defansè de baz.



ARC Gender Justice  
P.O. Box 180198, Brooklyn, NY 11218  
arcgenderjustice@gmail.com  
Instagram: @arcgenderjustice  
Mastodon:  
@arcgenderjust@kolektiva.social

## EDISYON INOGIRASYON

Byenveni nan premye Bilten enfòmasyon Sant Alyssa Rodriguez pou Jistis Idantite Seksyèl! Alyssa te yon fanm Trans Pòtoriken ki soti Nan Bronx ki te goumen pou sekirite ak libète moun LGBTQ+ ki nan prizon ak sivivan vyolans ki baze sou sèks. Nan onè li, nou espere kominote nou an ap itilize espas sa a pou pataje konsèy defans ak sekirite, vizyon pou mond nou vle bati a, ak dènye enfòmasyon sou travay pou jistis idantite seksyèl.

Anpil mès pou ekip nou an ki gen volontè ak kontribitè pou kreye bilten enfòmasyon an; A.B.O. Comix pou konsèy ak enpresyon; Hearts on a Wire, Let's Get Free, ak Florida Prisoner Solidarity dèske yo te gaye pawòl la; ak Mary's Pence, Emergent Fund, Borealis Philanthropy's Fund for Trans Generations, Trans Justice Funding Project, ak Peace Development Fund pou sipò yo.

Este boletín está disponible en español!  
This newsletter is available in English!



Travay atistik pa Art Twink



# Nouvèl Jistis pou Idantite Seksyèl

pa Lewis Raven Wallace

## #StopCopCity

Kanpay Stop Cop City nan Atlanta ap fè fas ak yon gwo revandikasyon. Moun Atlanta yo ap goumen depi plizyè mwa pou sove yon forè pou li pa tounen yon sant fòmasyon lapolis. Fondasyon Lapolis Atlanta a ap pouse pou sant 90 milyon dola a menm lè manifestan yo ap okipe Forè Weelaunee a pou defann kèk nan sèl espas vèt Atlanta genyen pou yo pa demoli l. Nan mwa janvye a, polisye yo te tire epi touye Tortuguita, yon aktivis endijèn queer, ki pa binè, ki t ap defann forè a.

5 jen, Manm Konsèy Vil Atlanta a te vote 11-4 pou apwouve 31 milyon dola nan fon piblik yo pou sipòte pwojè Cop City a malgre manifestasyon lokal epi nasyonal ak opozisyon masif kominote a. N ap kontinye swiv istwa enpòtan sa a, paske anpil moun kwè Lapolis Atlanta ap eseye fè vil yo tounen yon egzantp lè yo mete tèt ansanm ak dirijan jantifikatè, medya ak politisyen vil la pou konsolide pouvwa polisye ak kapitalis.

## Lwa Anti-Trans

An 2023 sèlman, yo te pase 72 pwojè lwa anti-trans nan eta a epi yo te siyen yo nan lwa, epi yo te pwopoze plis pase 550. Sa se yon ogmantasyon pa rapò ak 26 pwojè lwa ki te pase an 2022 yo. Sa yo enkli sa yo rele "pwojè lwa twalèt" ki egzije moun ki nan enstitisyon piblik yo sèvi ak twalèt ki asosye ak sèks yo asiyen yo; pwojè lwa ki entèdi enstitisyon

piblik yo kreye politik pou respekte pwonon moun oswa non yo; pwojè lwa ki entèdi fanm trans yo jwe espò fanm; ak pwojè lwa ki entèdi swen sante ki afime sèks pou jèn yo epi kriminalize paran ak founisè swen sante ki sipòte yo. Ekstremis Dwat yo dèyè lwa sa yo ap pouse tou pou entèdiksyon sou pèfòmans gason ki defile ak rad fanm ak règleman moun queer, trans, ak kontni omoseksyèl nan lekòl yo ak bibliyotèk piblik yo.

Petèt seri atak ki pi notwa sou moun trans ap fèt an Florid anba Gouvènè Ron DeSantis. 17 Me 2023, Alejandra Caraballo, yon avoka trans ki soti Florid ak enstriktè klinik nan Klinik CyberLaw Harvard Law School, te poste: "Jodi a, Ron DeSantis pare pou siyen ekspansyon Entèdiksyon Pa Di Omoseksyèl, drad/fyète omoseksyèl, entèdiksyon kriminel twalèt trans, ak yon entèdiksyon kriminel pou swen pou afimasyon idantite sèksyèl, ki gen ladan pou pifò swen MOUN KI MAJÈ. Se yon jou rayisman kont moun LGBTQ nan Florid."

Yo kòmanse pran aksyon legal ak pwotestasyon nan tout peyi a pou reziste atak sa yo. Nan mwa avril, "plizyè rèn drag" te mache sou kapital Florid la pou pwoteste, dapre The Hill. Sou 6 jen, yon jij federal bloke entèdiksyon Florid la sou swen afimasyon idantite sèksyèl an pati, li deklare li enkonstitisyonèl, epi yon jij federal tou bloke entèdiksyon Tennessee a sou pèfòmans drag. Sepandan, nan



dat 8 jiyè, yon tribinal federal te pèmèt entèdiksyon Tennessee sou swen sante trans an aplikasyon pou jèn yo.

## Fyète Omoseksyèl se Yon Pwotestasyon

Moun LGBTQ+ yo nan tout peyi a ap reponn atak sa yo ak manifestasyon epi selebrasyon. Selebrasyon fyète omoseksyèl te kòmanse kòm tou de rezistans ak pwotestasyon epi tradisyon sa a kontinye. An 2022, Johnson City, Tennessee te fè premye selebrasyon fyète omoseksyèl anyèl li an devan atak Sipremasi Dwat yo, epi Lander, Wyoming te lanse premye fyète li nan santre istwa Moun Endijèn De Lespri ki queer. Mwa Me sa a, aktivis jèn trans yo te reyini nan Washington, D. C. pou yo te fè premye Bal Trans jèn yo. Dè santèn de jèn trans ak moun ki pa binè te parèt abiye pou nèt

*Si ou ta renmen nou mete w ajou sou lwa espesifik, ka, oswa pwotestasyon yon pwochen fwa, tanpri ekri epi fè nou konnen!*

# Konsèy Sou Sante & Sekirite

pa Rayne Vylette

## Jwenn kominote w

Jwenn kominote anndan si sa posib. Nou menm fi ameriken yo dwe rete solidè epi veye youn sou lòt lè sa posib.

Chèche kominote deyò tou. Sa ka gen ladan kontakte òganizasyon tankou Black & Pink, LAGAI, TGIJP, ak Pwojè Korespondans Prizonnye a ak 1) abònman nan bilten enfòmasyon yo, 2) mande yon resous gid.

Bilten enfòmasyon sa yo ka fè yon moun santi l mwens poukont li epi ba yo yon debouche pou eksprime tèt li. Mwen renmen lèt, pwezi ak atik yo.



**Mete konfyans ou nan ensten ou sou ki moun ki gen motif ki ka danjere pou ou. Pa asime ke nempòt zòn, ki gen ladan twalèt la, an sekirite si li pa genkamera.**



## Jwenn resous

Mande resous nan òganizasyon jan yo endike pi wo a epi tou nan pwogram liv gratis tankou Lucy Parsons Prison Book Program, Prison Activist Resource Center (PARC), ak Liv LGBT Pou Prizonnye yo. Resous sa yo bay pouvwa epi yo gen ladan materyèl edikasyon, materyèl kominotè, ak bagay tankou liv gratis, ki gen ladan liv ki adapte pou LGBTQ+.

## Edike tèt ou sou politik andan ak lè w soti nan prizon

Chak eta diferan, men pi bon fason pou chèche konnen ki politik ki travay pou ou ak kont ou se pou fè rechèch sou li nan bibliyotèk lwa prizon ou. Pa egzanp, Florid gen nimewo politik 403.012 konsènan Disfòri Idantite Seksyèl, Prizonnye, ak Tretman yo. Asire w ke ou li politik PREA eta ou a, gade pou twou vid ki ka genyen. Sa vo la pèn pou egzamine politik rechèch eta ou a tou.


## Rete an sekirite

Fè atansyon ak 1) ki moun ou poukont ou ak li, epi 2) zòn ki pa gen kamera. Mete konfyans ou nan ensten ou sou ki moun ki gen motif ki ka danjere pou ou. Pa asime ke nempòt zòn, ki gen ladan twalèt la, an sekirite si li pa genkamera. Mefye w yon fason rezonab sou "kado" ou pat mande.

## Jwenn sante mantal + sipò

Si ou kapab, ekri depatman sante mantal la pou rankontre ak yon konseye, an sekirite. Si ou gen sentòm disfòri idantite seksyèl epi ou vle pouswiv tretman, aple de sa epi mande evalyasyon. Nan FL, konsèy regilye gen rezilta nan klasifikasyon psikyatri 2. Si enstitisyon ou a sèlman gen prizonnye ki gen klasifikasyon psikyatrik espesifik, sa ka lakòz transfè. Tretman pou disfòri idantite seksyèl ka mennen nan transfè pou Wakulla oswa Dade, mwen kwè.

Tcheke pou wè si yon gwoup sipò disponib. Pa m nan, nan Sumter, te rankontre chak lendi a 2 PM.



Travay atistik pa Paco May, Radical Hearts Collective

## RESOUS YO

### Black & Pink

6223 Maple St #4600  
Omaha, NE 68104

### LAGAI

3543 18th St. #26  
San Francisco, CA 94110

### TGIJP

370 Turk St #370  
San Francisco, CA 94102

### Prisoner Correspondence Project

QPIRG Concordia  
c/o Concordia University  
1455 de Maisonneuve Ouest  
Montreal QC H3G 1M8  
Canada





Travay Atisitk pa Amir Khadar ak TGI Justice Project ak Forward Together. Ou ka telechaje afich sa a nan [www.tdor.co](http://www.tdor.co)

# Sa Ou Dwe Konnen Anvan Ou Kontakte Yon Inite Entegrite Kondanasyon (CIU)

pa Miley S. Fletcher

Pandan plizyè ane ki sot pase yo, pi plis pwokirè yo te kreye Inite Entegrite Kondanasyon yo (CIUs), oswa Inite Revizyon Kondanasyon yo (CRUs), nan biwo yo. Pandan ke yo toujou itilize li prensipalman nan biwo k ap sèvi pi gwo vil yo, tankou Philadelphia, Chicago oswa Detroit, anpil biwo nan pi piti jiridiksyon yo ap devlope pwosesis pou revize reklamasyon kondanasyon ki pa kòrèk yo tou. Travay ak yon CIU oswa CRU ka gen gwo benefis pou moun ki kondane, men travay ak yon inite pote risk ki reyèl, espesyalman pou yon moun k ap travay san yon avoka.

Nan pi bon ka a, CIU a ka dakò reklamasyon aplikan an pou kondanasyon ki pa jistifye moun ki ap mande li an merite reparasyon ak sipòte anilasyon kondanasyon an olye li lite kont rekèt la nan tribinal la.

Men, CIU a kapab dekouvri enfòmasyon ki ouvri aplikan antou oswa zanmi yo ak manm fanmi yo jiska pouwit pou nouvo krim oswa menm mete an danje opsyon aplikan yo pou libète ak pwobasyon. Pou rezon sa yo, moun ki nan prizon ki aplike nan CIUs yo dwe konprann benefis yo ak risk nan travay ak yon CIU anvan yo aplike nan yon sèl.

## Ki Sa CIUs yo Fè

Travay CIUs fè a ale pi lwen pase envestige reklamasyon endividyèl nan kondanasyon ki pa kòrèk. Pifò CIU yo patisipe nan kreye règleman pou biwo yo ak fè fòmasyon sou faktè ki mennen nan kondanasyon ki pa kòrèk, tankou defo na resilta medsen lejis, fo temwanyaj, oswa temwen yo akonpaye vè yon pwosedi idantifikasyon ki defektye pou fè idantifikasyon ki pa kòrèk.

Men, nan sant operasyon inite a y ap mennen ankèt sou kondanasyon ki pa kòrèk. Kalite ka CIUs envestige yo ka varye de biwo a biwo. Gen kèk ki pral sèlman mennen ankèt sou ka kote aplikan an di ke yo pa t gen okenn patisipasyon nan krim ki kache a (anjeneral yo refere kòm inosan "reyèl" oswa "faktyèl"). Pifò ap envestige ka kote aplikan an deklare kondanasyon yo tou "manke entegrite akòz vyolasyon pwosedi oswa konstitisyonèl." Inite sa yo anjeneral gen omwen yon avoka anplwaye e souvan yon envestigatè. Pandan faz envestigasyon li, yon CIU souvan pral

Foto: Katie Crommett



## CIUs An Jeneral

Yon CIU se yon inite espesyal nan biwo yon pwokirè leta oswa konte ki dedye nan revizyon reklamasyon kondanasyon ki pa kòrèk nan men moun ki kondane pa biwo sa a. Pa gen okenn eta oswa konte ki mande pou yon biwo pwokirè gen yon CIU. Li

antyèman pwokirè jeneral yo vote a dwe deside si li swete oswa non pou li kreye yon inite epi kijan inite sa a pral fonksyone. Pa gen dwa pou yon ka ta revize pa inite a, epiyo paka fè apèl nenpòt desizyon biwo DA a pran sou yon aplikasyon.

*kontinye pwochen paj*

## Sa Ou Dwe Konnen Anvan Ou Kontakte Yon Inite Entegrite Kondanasyon (CIU) *(kontinye)*

refè yon investigasyon konplè sou yon ka. Sa ta ka vle di entèvyou temwen, jwenn temwen ki pa janm temwaye nan pwosè, fè tès ak medsen lejis oswa syantifik pou prèy ki enpòtan, epi revize lapolis oswa lòt dosye gouvènman an epi pataje dosye sa yo ak avoka yon aplikan.

Paske ankèt sa yo rive andeyò pwosedi regilye sistèm jidisyè a, pwokirè yo pa konsantre sou pwoblèm legal oswa pwosedi. Olye de sa, objektif nan ankèt la se detèmine si moun ki kondane a se moun ki komèt krim nan. Si prèy

ki devlope oswa yo dekouvri pandan ankèt la pwouve inosans aplikan an – oswa menm si prèy la ebranle kondanasyon an nan pwèn ke pwokirè yo pa gen konfyans nan li ankò – CIU a ka sipòte demann aplikan an pou soulajman apre kondanasyon an. Menm si prèy yo pa pwouve inosans aplikan an, CIUs ka toujou travay avèk avoka aplikan an pou negosye yon pèn ki pi out oswa akizasyon ki redwi.

Objektif yon CIU ki fonksyone byen se revize ka yo pi objektivman ke posib, san yo

pa konsidere ki agiman legal yo te do fè epi rejte anvan.

Kote yon biwo D.A. te ka pran pozisyon pou yon kondanasyon bay yo ta dwe kanpe, yon CIU gade ka a nan yon limyè diferan lè li konsantre sou reyalite yo, pa lalwa oswa defans pwosedi yo. Souvan – 61 fwa an 2020 sèlman – CIUs sa yo sipòte yon petisyon pou vakans (ranvèsè yon kondanasyon nan tribinal).

### Kisa Moun Ki Pa Repezante Dwe Konnen

Pifò moun ki ekri CIUs yo pa repezante pa avoka. Pandan kèk CIUs pa pral travay ak moun ki pa gen yon avoka ki repezante yo, anpil ap fèl. Vreman vre, pou kèk inite, aplikasyon pro se pou asistans yo repezante plis pase 70% nan ka ki sou revizyon yo. Men pandan y ap travay ak yon CIU ki ka bay espwa, gen risk.

Moun ki rive jwenn yon CIU bezwen konnen ki jan inite sa a opere. Premyeman epi pi enpòtan, moun ki travay nan yon CIU pa avoka defans. Yo pa epi yo pap janm repezante yon moun ki ekri yo. Yo se pwokirè ki envestige reklamasyon kondanasyon ki pa kòrèk, epi yo pa bay konsèy legal bay moun ki te ekri yo.



Odyans egzanpsyon

Pa gen anyen ou di an pèsòn oswa alekri bay yon avoka CIU ki konfidansyèl. Pa gen okenn pwoteksyon pou okenn kominikasyon ou ak yon CIU. Paske CIU yo se pwokirè, tout sa ou di yo alekri oswa yon entèvyou ka itilize kont ou. Sa kapab [itilize] kont ou pou ka a yo t ap revize a oswa menm pou lòt aktivite kriminel yo pat janm pouswiv ou pou yo.

Anplis, nan anpil eta, nenpòt bagay ki nan dosye yon pwokirè se sijè a dwa pou konnen oswa libète lwa enfòmasyon. Sa vle di sa ou bay yon CIU ka rive nan men yon repòtè.

Yon fwa ou bay enfòmasyon pou yon CIU, ou pa ka rebran li. Jan sa mansyone pi wo a, CIU a ap fè yon ankèt si yo chwazi pou revize ka ou an. Yon ankèt vle di yo pral kontakte tout moun nan ka a ki gen ladan manm fanmi ou ak moun ou renmen yo.

## CIU ap Vle Pale Ak Avoka Ou Yo



Pou fè yon investigasyon konplè, CIU a ka vle pale ak avoka ki te reprezante ou nan pwosè a, sou apèl, oswa nan yon pwosedi aprè kondanasyon. CIU a kapab vle revize dosye avoka ou yo tou ak dosye nenpòt avoka oswa òganizasyon inosan ki reprezante w kounye a oswa avèk moun w ap travay.

Avoka ou yo oblije pa lalwa pou kenbe nenpòt enfòmasyon konfidansyèl yo te aprann sou ka ou a lè yo reprezante w, ki gen ladan sa ki nan dosye yo. Yo pa ka pataje konfesans yo nan ka w lan oswa dosye yo ak CIU a san pèmisyon w. Ou ka chwazi pou pèmèt avoka ou yo pataje enfòmasyon sa a si ou vle.

Si yon CIU mande pou ou renonse privilèj avoka-kliyan pou yo revize ka w lan, ou ta dwe pridan anpil. Sa vle di yo ka revele nenpòt kominikasyon ant ou menm ak avoka ou yo—lèt, konvèsasyon, mesaj, elatriye—bay CIU a. Ou ka pa konnen tout enfòmasyon avoka ou yo genyen nan dosye yo. Yo ka gen enfòmasyon ki lye ou oswa moun ou konnen ak yon krim.

Ou ka bezwen deside si ou pral pèmèt avoka ou yo pataje sa yo konnen sou ka a, kominikasyon yo ba ou ak nan men ou, ak dosye ka yo ak CIU a. Lè w pran desizyon sa a, ou ka vle konsilte yon avoka ki pa fè pati CIU a.

Pandan CIU a ka kòmanse revize aplikasyon ou menm si ou deside pa pataje enfòmasyon konfidansyèl oswa dosye ak CIU a, nan kèk pwen yo ka bezwen pale ak avoka ou yo. CIU a ka konseye ou ke yo paka konplete ankèt yo epi yon desizyon pa ka pran sou reklamasyon ou an san yo pa pale ak ansyen avoka ou yo ak/oswa revize dosye ka yo. Nan pwen sa a, ou pral bezwen deside si ou vle renonse dwa ou yo epi bay ansyen avoka ou pèmisyon yo pou pataje enfòmasyon yo, dosye ka yo, ak kominikasyon avèk ou nan CIU a.

Anpil fwa lè moun ki kondane yo ekri CIU yon pwosekitè, yo voye lèt long ki pale sou pouswit yo, kondanasyon yo, ak apèl yo. Men, istwa sa yo souvan gen enfòmasyon ki privilejye legalman sou estrateji legal la, bagay ke avoka ou te di, e menm poukisa ou te deside pa temwaye nan jijman an.


Sa yo se tout sijè ki gen privilèj epi yo pa oblije divilge.

Si ou rive jwenn yon CIU oswa ap ranpli papyè pou yo, asire w ke ou kenbe kominikasyon konsantre sèlman sou REYALITE yo nan ka a oswa sa ki te pase.

Pale sou nenpòt bagay ki gen rapò ak konvèsasyon ou te genyen ak avoka ou oswa desizyon ou te pran apre w fin konsilte avèk yo, sa ka envolontèman anile privilèj sa yo pi devan, san ou pa reyalize ou te fè li.

## Konklizyon

Ogmantasyon inite CIU nan tout peyi a te bay moun ki te kondane san rezon yon lòt avni potansyèl pou genyen libète yo. Men, CIUs yo varye anpil nan ka yo aksepte ak nan fason yo opere. CIUs yo revize ka ki soti nan yon pwendevi pi objektif pase inite apèl nan biwo DA yo, men avoka CIUs yo pwokirè toujou epi travay avèk yokontinye pote gwo risk pou moun ki nan prizon, espesyalman moun ki san avoka. Anvan yo rive jwenn yon CIU pou èd, moun ki nan prizon bezwen konprann ki jan CIU nan jiridiksyon yo fonskyone, ak ki jan travay avèk yo ta ka potansyèlman ede oswa nwi ka ou. Bon chans!





**KWEN ARTIST**

**Miley S. Fletcher • Manm ARC**

Miley Selena Fletcher rive gen 30 lane andan an 2022, epi dat pou li soti pi bonè a se an 2024. Li te fè anpil ka legal pou 27 a 28 dènye ane yo, ki gen ladan kriminèl, deli, abeyas, lwa sou soulajman aprè kondanasyon, ka <sup>§</sup> 1983, ak <sup>§</sup> 1986 ak rekèt sètifika pou Tribinal Siprèm ETAZINI. Li se yon atis tou. Li kwè nan ranfòse sistèm legal la pou bay kominote transjan nou yo, jèn ak adiit yo dwa tranjanr, epi li vle ede kominote ki nan bezwen swa nan prizon oswa deyò.



## Pwen Enpòtan sou Resous: Goumen pou Jistis

Dee Deidre Farmer se yon ekspè legal epi konsiltan. Li te fonde Fight4Justice apre yo te libere li de prizon federal.

Madam Farmer te pote ka istorik Farmer kont Brennan epi goumen pou kont li jiskaske lirive nan Tribinal Siprèm Etazini. Ladan li, Tribinal Siprèm lan te etabli ke prizonye yo gen dwa pou yo jwenn pwoteksyon kont mal epi ke ofisyèl prizon yo responsab pou sekirite yo. Prèske 20 lane apre viktwa Li nan Tribinal Siprèm lan, Madam Farmer te travay san pran souf kòm yon avoka prizon, edikatè kòlèg, ak defansè prizonye.

Jodi a, nan Fight4Justice, li ede moun LGBTQ ki toujou andedan nan fè pledwaye pou plasman lojman ki pi sekirite. Li ede tou moun aplike pou liberasyon konpasyon. Epi an menm tan, li kontinye wòl li kòm yon edikatè, anseyan sikològ, elèv lalwa, jij, ak defansè piblik, pou ki rezon ak kijan yo sipòte moun ki nan prizon.

Nan yon evènman ansanm ak Fight4Justice, ARC Gender Justice ak Freedom Overground, Madam Farmer te ofri konsèy sa a, "Konnen dwa ou genyen, epi dispoze pou w egzèse dwa sa yo epi mande pou yo respekte dwa sa yo. Epi yon fwa ou kapab egzèse dwa sa yo, lè sa a ou pran swen tèt ou, fè pwogram ou yo, prepare tèt ou pou lavi ou deyò a."



**Konnen dwa ou genyen, epi pare pou w egzèse dwa sa yo epi mande pou dwa sa yo respekte.**

**– Dee Farmer**

### **Fight-4-Justice Project**


212 H. Street, NW

Suite 8975

Washington, DC 20202

[www.fight4justice.info](http://www.fight4justice.info)

[fight4justice@fight4justice.info](mailto:fight4justice@fight4justice.info)



# Gid Pou Soumèt Bilten enfòmasyon ARC



## Kisa pou soumèt:

- Travay atistik vizyèl, 8½ x 11
- oswa tèks ki kout, atik, naratif pèsònèl, istwa kout, ak pwezi ak 2500 mo
- Sijè:
  - Konsèy defans & abilite legal
  - Estrateji pou mete fen nan vyolans ki baze sou sèks
  - Estrateji pou jwenn aksè nan swen sante trans ak swen sante repwodiktif Mizajou sou
  - kondisyon nan enstalasyon ak travay moun ap fè pou fè chanjman
  - Nouvèl sou lwa ak politik ki gen rapò ak jistis idantite seksyèl
- Konsantrasyon jewografik:
  - Global, nasyonal, Florida, Georgia, New York, oswa Pennsylvania
- Langaj:
  - Anglè, Panyòl, oswa Kreyòl Ayisyen

## Kijan pou soumèt:

- Lè ou voye travay ou nan adrès ki anba a, ou ban nou pèmision pou pibliye li nan bilten nou an ak sou entènèt la. Nou ka edite li pou longè oswa klète.
- Si travay ou te pibliye anvan, tanpri fè nou konnen kilè ak ki kote, pou nou ka mande pèmision pou nou re-empriye li.
- Nou pral fè sa nou kapab pou nou remèt travay atistik vizyèl orijinal yo sou demann. Nou PA KAPAB remèt tèks orijinal.



Travay Atistik pa Haadia Khan pou Disabled And Here


## VOYE NAN LAPÒS BAY :

ARC Gender Justice  
Attn. Newsletter  
P.O. Box 180198  
Brooklyn, NY 11218



## Kisa no pa soumèt:

- Materyèl sèksyèlman eksplisit
- Nenpòt bagay ki ankouraje revòlt oswa vyolasyon règ enstitisyonèl yo
- Enfòmasyon pèsònèl yon prizonye oswa Plajya manm pèsònèl
- Nenpòt bagay rasis, sèksis, diskriminasyon kont moun ki andikape, anti-trans, anti-LGBQ, klasis, Kreyen sipremasis, fè menas, oswa rayisab
- Lèt pèsònèl oswa apèl bay zanmi oswa fanmi Nenpòt bagay ou panse ki ta mete w an danje si moun te wè li



## Apèl pou kandidati : Swen sante

Kounye a, anpil moun pa gen swen sante yo bezwen an. Ki konsèy ou genyen pou fè pledwaye pou òmòn, operasyon pou moun trans, avòtman, swen prenatal, tretman IST, oswa swen jinekòlòg? Lè ou pa t kapab jwenn swen ou te bezwen an, kisa ou fè pou fè fas ak disfori, pwoteje sante ou, oswa pran kontwòl fètilite w oswa gwosès?

